

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
SOCIAL STUDIES—GRADE 8
DOCUMENT-BASED QUESTION (DBQ)
BOOKLET 2

NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

8 JEN 2006

Non élèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lèkol ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan premye liv la; Twazyèm Pati a nan tiliv sa a.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman.

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan tiliv sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv pou ekri repons ki apa a, depi premye paj nan tiliv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn **tout** kesyon ki nan Dezyèm Liv la, epi ekri redaksyon w lan.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Copyright 2006

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234'

Repons pou kesyon redaksyon an sipoze ekri nan livrè pou redaksyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati III a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa a:

**diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak itilizasyon
reyalite, rezonman, ak prév; prezante ak kèk detay”**

Pati III

KESYYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Li fèt pou li teste abilité ou pou ou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman yo ki te revize pou kesyon an menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse a kote chak dokiman soti ak nenpòt opinyon ki ta ka prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Etazini se yon nasyon imigran. Pou divès rezon, gwoup moun nan peyi etranje te kite peyi natal yo epi te vin tabli nan Etazini. Plizyè nan imigran sa yo te fè fas ak anpil pwoblèm apre yo te rive Etazini.

Sa w gen pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon yo ki vin apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo a kesyon yo ap ede w ekri Pati B redaksyon an kote y ap mande w pou.


- Diskite rezon yo imigran yo te vini Etazini
- Diskite pwoblèm imigran yo te fè fas apre yo te rive Etazini

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



Sous: Martin W. Sandler, *In Search of America*, Ginn (adapte)

1a Dapre graf sa a, idantife **de** kondisyon nan peyi yo ki te lakòz imigran yo vini Etazini. [2]

(1) _____ Score

(2) _____ Score

b Dapre graf sa a, idantife **yon** sitiyasyon nan Etazini ki te mennen ogmantasyon imigran ki vini nan nasyon an. [1]

_____ Score

Dokiman 2

Sa a se yon pati nan entèvyou ak Catherine Moran McNamara, yon imigran islandèz, ki te rive ozetazini ozanviwon lanne 1900 yo.

... Te gen douz moun nan fanmi nou. Pi gran an te mouri epi lòt la te ale Ostrali ak tonton mwen. Mwen te gen 5 lane konsa lè li te ale. Kidonk te vin gen 10 nan nou, ou ta kapab di, nan fanmi nou. Nou te dwe peye chak santim nou te gen posiblite fè nan taks. Chak lagè Langletè te genyen li te fè w peye pati pa li ya, menm si ou pa te gen anyen, epi ou te dwe peye depans tè pa w tou. . . .

Manman m te kenbe kay la epi papa m pa te gen travay, men jis ti mòso tè nou te genyen an, li t ap travay, epi bay Langletè krèm lèt la pou tout bagay. Yo te oblige pran gwo lwaye, epi alòs si lane a pa te bon epi bagay pa donnen, nou te soufri sa.

Ilandè yo t ap viv anba move strès. Mwen te wè fanmi yo te mete deyò. Mwen sonje sa trè byen paske nou te pran yo nan fèm nou. Yo pa te gen okenn plas pou kabann yo, pou anyen. Mwen te wè yon ti pitit, se laverite Bondye, mwen pap janm blyie sa, li te gen sèlman yon lane ak mwatye konsa, yo mete deyò nan ti bèso li. Mwen wè bonm yo deyò epi dife chabon mete nan fou an fè yo te konn sèvi pou fè manje. Tout bagay yo te genyen, mete deyò. Si yo te pran yo deyò nan nwit sa a yo te ka tire yo oubyen lòt ankò.

Langletè fè sa a, wi, ak rejim li a. Li te gen sèten moun pou te fè sa. Mèt kay la te Anglè, epi Langletè te posede Iland. . . .

Sous: June Namias, *First Generation: In the Words of Twentieth-Century American Immigrants*,
Beacon Press, 1978

2 Dapre dokiman sa a, site **de** rezon ki fè anpil sitwayen Ilandè imigre Etazini ozanviwon 1900. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 3

Sa a se yon pati entèvyou ak George Kokkas, yon imigran grèk, ki te rive ozetazini nan lanne 1969.

... Travay lòt bò a te mal anpil. Pandan jou sa yo [1967], yon travayè nan Lagrès te touche senk dola konsa pa jou, pandan salè yon travayè nan Etazini te trent dola konsa pa jou. Men rezon ki fè mwèn vini Etazini se te paske sitiyasyon an Lagrès te mal. Epi mwèn te konsènen de edikasyon timoun mwèn yo. Lagrès nan tan sa yo te gen sèlman yon inivèsite, epi si ou te gen timoun ki te vle ale nan inivèsite li te di anpil pou te jwenn chans la.

Sous: Gladys Nadler Rips, *Coming to America: Immigrants from Southern Europe*, Delacorte Press

3 Dapre dokiman sa a, idantifye **de** rezon ki te mennen imigran Grèk sa a vini Etazini. [2]

(1) _____


Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Ak ogmantasyon imigrasyon nan mitan lane 1800 yo, move jan san kache kont etranje te fèt sou fòm ti fèy pwopagann kont imigrasyon tankou sa a, ki te fèt nan lane 1885.



Sous: Edward G. Hartmann, *American Immigration*,
Lerner Publications Co. (adapte)

- 4 Dapre dokiman sa a idantifye **yon** rezon anpil Ameriken ki fèt Etazini nan fen lane 1800 yo te apiye limitasyon imigrasyon. [1]
-
-

Score

Dokiman 5



Sous: Lewis W. Hine, November 1912, Library of Congress

5 Dapre foto sa a, idantifye **yon** rezon ki fè viv nan yon kay pou travayè te souvan difisil pou imigran yo. [1]

Score

Dokiman 6

Foto Travayè Faktori nan Vil Noukyòk, 1913



Sous: Library of Congress

- 6 Dapre foto sa a, idantifye **yon** objektif manifestasyon sa a travayè imigran yo t ap fè. [1]

Score

Dokiman 7

Sa a se yon pati nan yon lèt yon imigran polonè ki te vini ozetazini nan lanne 1913.

Mwen nan peyi sa a depi kat mwa.

Mwen se yon polonè. Mwen vle vin yon sitwayen ameriken . . . Men zanmi mwen se polonè—Mwen dwe viv ak yo—Mwen travay nan yon magazen soulye ak polonè—Mwen rete toutan avèk yo—nan kay la—nan magazen an—tout kote.

Mwen ta renmen viv ak ameriken, men mwen pa konnen okenn ameriken. Mwen ale 4 fwa al pran lesson nan men yon mèt, epi fòk mwen peye \$2 pa semèn. Mwen te vle viv [rete] nan yon kay anglè, men mwen pa te kapab, paske mwen touche sèlman \$5 oubyen \$6 nan yon semèn, epi lè mwen peye mèt la \$2, mwen rete sèlman \$4—\$3— epi kounye a kay anglè yo twò chè [gwo pri] pou mwen. Li di pou mwen jwenn bon travay, paske mwen pa konn pale anglè byen epi mwen pa kapab konprann sa yo ap di mwen. Mèt la aprann mwen—men lè mwen rive lakay—mwen dwe pale polich ak nan magazen an tou. Nan fason sa a mwen kapab viv nan peyi w la anpil lane—tankou zanmi mwen yo—epi mwen pa janm pale anglè—ekri anglè byen—epi pa janm vin yon bon sitwayen ameriken. . . .

Sous: Rapò Komisyon Imigrasyon sou Pwoblèm Imigrasyon nan Masachousèt, lane 1914 (adapte)

- 7 Dapre dokiman sa a, site **de** rezon ki fè li te difisil pou imigran Polonè a pou byen chita nan sosyete ameriken an. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B

Redaksyon

Eksplikasyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti nan **kat** dokiman *omwens* pou kore redaksyon ou an. Kore repons ou ak reyalite, egzanp, epi detay enpòtan. Mete enfòmasyon anplis ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Etazini se yon nasyon imigran. Pou divès rezon, gwoup moun nan peyi etranje te kite peyi natal yo epi te vin tabli nan Etazini. Plizyè nan imigran sa yo te fè fas ak anpil pwoblèm apre yo te rive Etazini.

Sa w gen pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal, ekri yon redaksyon kote w ap

- Diskite rezon yo imigran yo te vini Etazini
- Diskite pwoblèm imigran yo te fè fas apre yo te rive Etazini

Gid:

Nan redakson ou a asire w:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti nan **kat** dokiman *omwens*
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Kore tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizason lojik ak klè, ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon, ki pa yon repetisyon tèm nan

Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
Final Score (obtained from conversion chart) scaled 1–100	